Bilding (Kay) Ki Damaje PSA (:60)
(Damaged Buildings)

Haitian Creole:
Bilding (Kay) ki Domaje
Sa nou pwal di la se yon enfomasyon enpòtan de santé piblik pou pwoteje'w le'w ou entre nan bilding (ou kay) ki domaje. Antre andedan bilding (kay) ki domaje yo pandan lajounen defason pou w ka wè si ta gen nenpòt danje. Lè wap netwaye, mete abiman sou ou ki pou pwoteje w, tankou gan, linèt pwoteksyon, ak bòt. Kouvri nen w ak bouch ou pou evite w respire pousyè. Fè atansyon lè wap deplase materyèl ak dekonm nan bilding (kay) yo – bagay yo ka bouje oswa tonbe, e sa ka andomaje w. Soti nan bilding (kay) la imedyatman si w tande bwi ki pa nòmal. Ti enfomasyon sa a ka sove la vi….pran anpil prekosyon.

English Translation:
Damaged Buildings
The following is an important public health announcement about your safety when entering damaged buildings. Enter damaged buildings during the daytime so you can see any dangers. Wear protective clothing during cleanup, like gloves, goggles and boots. Cover your nose and mouth to avoid breathing in dust. Be careful when moving building materials and rubble -- things may move or fall, injuring you. Leave the building immediately if you hear unusual noises. These tips can save lives….Be Safe.